

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia beunghar ku budaya, salasahijina nya éta budaya Sunda. Mekar atawa robahna budaya gumantung masarakatna éta sorangan, lantaran budaya dipiboga ku masarakat. Ayana budaya katitén tina ayana wujud kabudayaan. Koentjaraningrat (1985, kc.5) nétélakeun yén kabudayaan boga tilu wujud, nya éta: 1) wujud kabudayaan nu mangrupa idé-idé, gagasan, ajén-ajén, norma-norma, aturan, jrrd., 2) wujud kabudayaan nu mangrupa kalakuan manusa di masarakat, jeung 3) kabudayaan nu mangrupa barang-barang hasil karya manusa.

Wujud kabudayaan nu kahiji, nya éta idé nu sipatna abstrak, ayana ngan dina uteuk, pikiran, jeung omongan wungkul. Ieu wujud bisa katitén dina kahirupan masarakat, saperti ayana adat-istiadat, tata-kalakuan jeung bisa ogé katitén dina wangun karya sastra nu geus dibukukeun. Wujud nu kadua, nya éta sistem sosial nu sipatna kongkrit. Ieu katitén tina kalakuan jeung aktivitas manusa nu hirup di éta tempat. Wujud nu katilu, nya éta kabudayaan fisik (*artefak*) nu sipatna kongkrit saperti batik, waditra, iket, buku, jrrd. Salaku wujud gagasan dina kabudayaan, kalakuan (aktivitas) kabagi jadi kalakuan *verbal* (lisan jeung tinulis) jeung *nonverbal* (*artéfak* jeung alam) (Sulasman & Gumilar, 2013, kc.36).

Patali jeung kabudayaan *verbal* tinulis, masarakat Sunda mikawanoh kana tradisi tinulis. Salasahiji wangun tina tradisi tinulis nya éta wawacan. Rosidi (2011, kc. 11) nétélakeun yén wawacan asalna tina kecap “waca” atawa “baca” nu hartina sagala rupa anu dibaca, atawa anu biasa dibaca. Ku kituna, lamun wawacan mangrupa sagala hal nu bisa dibaca, tangtu kudu aya wangun tinulisna pikeun dibaca.

Wawacan mangrupa tradisi tinulis nu bisa dibaca tur didangdingkeun maké patokan pupuh. Ieu luyu jeung pamadegan Iskandarwassid (2003, kc. 168) nu nétélakeun yén wawacan nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Sedengkeun nurutkeun Rusyana (1978, kc. 112), wawacan mangrupa carita panjang anu dianggit maké patokan pupuh. Jalan caritana loba bagian-bagianna. Kitu deui palaku jeung tempat ngalalakonna loba pisan tur mangsa nu

kacaturkeunna ogé lila pisan. Wawacan dianggit ku 17 pupuh, nya éta Asmarandana, Balakbak, Dangdanggula, Durma, Gambuh, Gurisa, Jurudemung, Kinanti, Ladrang, Lambang, Magatru, Maskumambang, Mijil, Pangkur, Pucung, Sinom, jeung Wirangrong (Sumardjo, 2011, kc. 109).

Wawacan mangrupa karya sastra buhun. Karya sastra buhun bisa diulik maké struktural ditilik tina struktur carita naratif éta wawacan. Strukturalisme sacara implisit nétélakeun yén carita (naratif) sarua jeung kalimat nu harti atawa ma'nana mangrupa hasil tina prosés artikulasi (Pettit dina Strauss, 2001, kc. 32). Kajian wacana naratif patali jeung basa, sastra, jeung budaya salaku objék élmu kamanusaan (humaniora). Nurutkeun Christomy (2003, kc. 34), analisis wawacan salaku téks naratif ngawengku galur, motif carita, tokoh, latar, jeung téma carita.

Wawacan mangrupa salasihiji wangun tina kabudayaan. Ayana wawacan salaku wangun tinulis bisa némbongkeun kaayaan budaya jaman harita. Budaya mangrupa kabiasaan nu dipiboga ku masarakat sacara turun-tumurun tur nyampak dina kahirupan sapopoé. Budaya nya éta cara hirup nu mekar jeung dipiboga babarengan ku sakelompok jalma jeung diwariskeun ti hiji generasi ka generasi séjén. Budaya kawangun tina unsur agama, politik, adat istiadat, basa, pakakas, raksukan, wangunan, jeung karya seni (Sulasman & Gumilar, 2013, kc.20). Kitu ogé budaya Sunda dipiboga jeung dipaké ku masarakat Sunda.

Wangenan kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1985, kc. 9) nya éta:

*“Kebudayaan berasal dari kata Sansakerta “buddhayah” ialah bentuk jamak dari “budhi” yang berarti” budi” atau “akal”. Demikian kebudayaan itu dapat diartikan hal-hal yang bersangkutan dengan budi dan akal. Kebudayaan diartikan sebagai keseluruhan gagasan dan karya manusia, yang harus dibiasakannya dengan belajar, beserta keseluruhan dari hasil budi dan karyanya itu.”*

Kabudayaan mangrupa hasil karya manusa. Ieu luyu jeung wangenan kabudayaan nurutkeun Soemarjan & Soemardi (Sulasman & Gumilar, 2013, kc.19) yén kabudayaan nya éta sakabéh hasil karya, rasa, jeung cipta masarakat. Kabudayaan miboga unsur jeung wujud nu ngajanggélék dina éta budaya.

Sacara *universal* kabudayaan ngawengku tujuh unsur nya éta: 1) sistem réligi (kapercayaan) jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem

pakasaban, jeung 7) sistem téknologi (Koentjaraningrat, 1985, kc.2). Éta tujuh unsur budaya moal bisa leupas tina kahirupan masarakat. Ku kituna penting ayana panalungtikan unsur-unsur budaya nu nyangkaruk dina éta wawacan pikeun mikawanoh kaayaan budaya mangsa harita.

Eusi wawacan loba medar ngeunaan ajén-inajén jeung palsapah hirup manusa. Ieu luyu jeung pamadegan Sukanta spk. (dina Widianingsih, 2014, kc. 2) nu nétélakeun yén dina wawacan kagambar masarakat anu pengkuh kana ajén-inajén salaku cecekelan kahirupan, nu diwariskeun sacara turun-tumurun. Hasil budaya kaasup seni jeung sastra nu sumebar di masarakat miboga ajén atikan (étnopédagogik).

Kecap étnopédagogik asalna tina kecap “étno” jeung “pédagogik”. Kecap “étno” asalna tina basa Yunani nya éta “*ethnos*” nu hartina “*suku bangsa*” atawa “*lokal*”. Sedengkeun kecap pédagogik hartina élmu ngatik jeung pangajaran (Sudaryat, 2015, kc. 120). Nurutkeun Kartadinata (dina Sudaryat, 2015, kc. 120), étnopédagogik mangrupa atikan dumasar kana *etnografis*. Atikan dumasar kana budaya lokal (*etnografis*) penting pikeun dilaksanakeun pikeun ngawangun jeung ngawariskeun ajén-ajén budaya lokal nu mangrupa jatidiri (*identitas*) kultur bangsa.

Nurutkeun Alwasilah, spk. (2009, kc. 50-51), étnopédagogik nya éta prakték pendidikan dumasar kana *kearifan lokal* dina widang kasehatan, seni béla diri, lingkungan hirup, pertanian, ékonomi, pemerintahan, sistem penanggalan, jrrd. Étnopedagogik medar pangaweruh kearifan lokal salaku sumber inovasi jeung kaparigelan pikeun karaharjaan masarakat. Kearifan lokal nya *koléksi fakta*, konsép, kapercayaan, jeung pamadegan masarakat nu ngawengku cara niténan jeung nalungtik alam di sabudeureunana, ngaréngsékeun pasualan, jeung nalungtik deui informasi nu aya. Singgetna kearifan lokal nya éta prosés meunangkeun pangaweruh nu dicangkem, dipaké, dipiara jeung nu diwariskeun. Aya sababaraha ciri kearifan lokal, nya éta :

1. dumasar pangalaman,
2. geus kauji sacara mangtaun-taun,
3. bisa nyaluyukeun jeung budaya ayeuna,
4. aya patalina dina prakték masarakat sapopoé jeung lembaga,

5. biasa dipaké ku individu atawa masarakat umum,
6. sifatna dinamis tur terus robah,
7. patali jeung sistem kapercayaan.

Étnopédagogik dimangpaatkeun salaku ajén kahirupan diantarana: ajén atikan, ajén kaagamaan, ajén moral, jeung ajén sosial. Étnopédagogik papagonna tina budaya nu aya di hiji masarakat, organisasi, kabiasaan, kapercayaan (*believe*), simbol, jeung karakter nu tangtu nu miboga ciri has (Sudaryat, 2015, kc. 121).

Oriéntasi étnopédagogik Sunda dina ieu panalungtikan nya éta sangkan némbongkeun *catur jatidiri insan* salaku manusia unggul (MAUNG) nu ngawengku: a) pengkuh agamana (*spiritual quotient*), b) luhur élmuna (*intellectual quotient*), c) jembar budayana (*emotional quotient*), jeung d) rancagé gawéna (*actional quotient*) (Suryalaga dina Sudaryat, 2015, kc. 124 ).

Catur jatidiri insan matok kana papagon moral kamanusaan (MM), nu jadi cara hirup urang Sunda, diantarana: a) *moral manusia terhadap Tuhan (MMT)*, b) *moral manusia terhadap pribadi (MMP)*, c) *moral manusia terhadap manusia lainnya (MML)*, d) *moral manusia terhadap alam (MMA)*, e) *moral manusia terhadap waktu (MMW)*, jeung f) *moral manusia dalam mengejar kepuasan lahiriah dan batiniah (MMLB)* (Warnaen dkk. dina Sudaryat, 2015, kc. 125-126).

Nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 127), sangkan manusa boga moral, étnopédagogik Sunda ngarojong kagiatan atikan jeung pangajaran pikeun asup kana gapura pancawaluya (*gerbang lima kesempurnaan*) nu ngawengku cageur, bageur, bener, pinter, jeung singer tur dideudeulan ku karakter pangger.

Kiwari wawacan geus teu dipikawanoh deui ku jalma réa lantaran kurangna media informasi nu ngawanohkeun sastra buhun ka masarakat. Lian ti éta, nu bisa maca wawacan jeung nu boga buku wawacan kawatesanan, lantaran teu kabéh masarakat boga wawacan. Sangkan masarakat bisa apal kana ajén-inajén nu nyangkaruk dina wawacan, ku kituna kudu diayakeun panalungtikan. Salasahiji wawacan nu boga ajén-inajén dina kabudayaan Sunda nya éta *Wawacan Simbar Kancana*.

Panalungtikan ngeunaan *Wawacan Simbar Kancana* can réa nu nalungtik. *Wawacan Simbar Kancana* kungsi ditalungtik dina wangun panalungtikan skripsi nu dipigawé ku Irman Aprisa Nugraha (2009) anu judulna “*Struktur jeung Ajén*

*Moral dina Wawacan Simbar Kancana pikeun Bahan Pangajaran di SMA*". Panalungtikan ngeunaan *Wawacan Simbar Kancana* ngan saukur medar ngeunaan struktur naratif, unsur-unsur budaya, jeung étnopédagogikna wungkul. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan *Wawacan Simbar Kancana* (Ulikan Struktural, Budaya, jeung Étnopédagogik).

## **1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur *Wawacan Simbar Kancana*?
- 2) Unsur-unsur budaya naon waé nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana*?
- 3) Ajén étnopédagogik naon waé anu nyampak dina *Wawacan Simbar Kancana*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta bisa nambahan pangaweruh ka nu maca ngeunaan tradisi tulis anu mangrupa sastra Sunda buhun salaku titinggal kabudayaan Sunda. Lian ti éta, tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun pikeun nyalametkeun karya sastra Sunda buhun sangkan teu ruksak jeung leungit sarta pikeun invéntarisir tradisi tulis nu aya di tatar Sunda.

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur *Wawacan Simbar Kancana*;
- 2) unsur-unsur budaya nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana*; jeung
- 3) ajén étnopédagogik anu nyampak dina *Wawacan Simbar Kancana*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara teoritis ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ngeunaan dunya atikan, basa, sastra katut budaya Sunda. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa dicangking gambaran harti jeung pungsi nu nyangkaruk dina *Wawacan Simbar Kancana*.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna sacara praktis, saperti ieu di handap:

- 1) Pikeun panalungtik: ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh anyar ngeunaan wawacan. Hususna ngeunaan struktur carita *Wawacan Simbar Kancana*, unsur budaya, jeung ajén-inajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina *Wawacan Simbar Kancana*.
- 2) Pikeun masarakat: ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan budaya lokal nu aya di daérah Jawa Barat hususna dina widang tradisi tulis jeung dijadikeun pikeun *inventarisir* sastra Sunda.
- 3) Pikeun Siswa Pascasarjana Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda: hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun dadasar pikeun panalungtikan saterusna jeung ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pabukon Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda.

## 1.5 Sistematika Tulisan

### BAB I Bubuka

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

### BAB II Wawacan, Strukturalisme, Budaya, Étnopédagogik

Bab II medar ngeunaan kajian pustaka (landasan teoretis) dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, strukturalisme, budaya, jeung étnopédagogik. Lian ti éta, bab

### BAB III Méthode Panalungtikan

Bab III medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

### BAB IV Déskripsi, Analisis Struktur, Unsur Budaya, jeung Analisis Étnopédagogik dina *Wawacan Simbar Kancana*

Bab IV medar ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil panalungtikan ngeunaan ringkesan carita *Wawacan Simbar Kancana*, struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana*,

unsur-unsur budaya nu nyangkaruk dina *Wawacan Simbar Kancana*, jeung étnopédagogik nu nyampak dina *Wawacan Simbar Kancana*.

## BAB V PANUTUP

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran jeung saran pikeun nu maca.